

Diskriminasyon sou Gwosès ak Pote Timoun

OFCCP Pwoteje w kont Diskriminasyon pou Gwosès

1. Ki sa ki se diskriminasyon kont gwosès?

Diskriminasyon kont gwosès nòmalman rive lè yon anplwayè trete yon anplwaye oswa aplikan ki nan yon travay yon fason defavorab poutèt li gen yon gwosès, akouchman oswa kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman. Jan de diskriminasyon sa yo ka rive tou lè anplwayè yo gen règleman oswa pratik ki pou eskli travay an patikilye paske fanm ka vin ansent.

2. Ki sa ki dwa mwen?

OFCCP ranfòse lwa ak restriksyon ki rann yon konpayi kap fè biznis avèk Gouvènman Federal la ilegal pou l fè diskriminasyon kont oumenm nan anbochaj, revokasyon, konpansasyon, benefis, plasman travay, pwomosyon, revokasyon, fòmasyon, rekritman, ak lòt aktivite anplwaye akòz gwosès w, akouchman, oswa kondisyon medikal ou ki gen rapò ak kapasite pou fè pitit.

Ou gen sèten pwoteksyon si w vin ansent, akouche, oswa gen yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman.

- Ou gen dwa travay osi lontan ke w kapab fè travay ou a.
- Yo dwe trete w menm jan ak lòt anplwaye ki gen menm kondisyon medikal avè w si w vin enkapab pou fè travay ou tanporèman akòz gwosès ou an.
- Ou gen dwa pou mande anplwayè w pou li kite louvri yon travay pou ou lè w pran yon absans ki gen rapò ak gwosès; li dwe kite l ouvè pou menm dire tan, ak dapre menm kondisyon yo, ki fè travay la rete ouvè pou anplwaye ki an konje maladi oswa lòt konje medikal.
- Ou gen dwa a menm benefis sa yo ke lòt anplwaye ki nan konje yo resevwa.
- Ou gen dwa dwe kapab pran jiska 12 semèn pou konje san peye chak ane pou rezon medikal yo (ki gen

ladann gwosès ak akouchman) ak swen pou timoun anba Lwa Fanmi ak konje medikal (Lwa FMLA-a). Toude paran yo kapab kalifye pou konje FMLA. Ou dwe rapòte tout Vyolasyon Lwa FMLA-yo bay Depatman Travay lan nan Divizyon Lè ak Salè (<http://www.dol.gov/whd>).

3. Èske gen bagay espesifik ke anplwayè m pa kapab fè si m ta vin ansent, akouche oswa gen yon kondisyon medikal ki gen rapò ak gwosès oswa akouchman?

Wi. Men kèk egzanp nan sa anplwayè w pa kapab fè:

- Refize yon travay akòz gwosès ou.
- Sèvi ak gwosès ou kòm yon eskiz li teste kapasite w nan travay. Sa vle di konfòme avèk kondisyon espesifik, tankou obligasyon pou bay yon nòt medikal ki montre ke ou pare pou retounen fonksyone si kondisyon sa yo pa gen obligasyon menm jan ak lòt anplwaye yo ki nan konje medikal yo.
- Fòse w pou rete nan konje jiskake w akouche pitit ou si w absan akòz kondisyon gwosès lan epi pou w rekipere.
- Refize w travay paske w gen timoun piti, amwenske anplwayè ou gen menm règleman pou anplwaye gason.
- Refize pou kouvri depans lopital ak lòt depans medikal ki gen rapò ak gwosès ou nan menm fason ke li ta ka kouvri depans sa yo pou lòt kondisyon medikal, si anplwayè w la bay benefis asirans medikal pou anplwaye l yo.
- Refize pou li bay w, tankou yon anplwaye ansent oswa yon nouvo paran, posibilite pou akimile ansyènte, vakans, ogmantasyon salè ak benefis enfimite tanporè nan menm fason an ak moun yo ki gen lòt konje medikal oswa pou lòt rezon.
- Refize pou ofri w aranjman akòz bezwen medikal ou ki asosye ak gwosès ou a, pandan ke gen akomodasyon ki menm jan ki bay pou lòt bezwen medikal, pou egzanp ki pèmèt ou chita oswa manje ti biskwit pandan shif ou a.



